

# Laverite Sou Vaksen kont COVID-19 yo



## Ou pa kapab pran COVID-19 nan vaksen yo.

Vaksen yo bay nan Etazini yo pa genyen viris ki bay COVID-19 la. Sa vle di yon vaksen kont COVID-19 pa kapab fè ou malad ak COVID-19.

## Vaksen kont COVID-19 yo pa chanje ADN ou.

Vaksen kont COVID-19 yo bay nan Etazini yo genyen materyèl jenetik ki bay selil kò a enstriksyon pou yo kòmanse devlope pwoteksyon kont viris la. Men materyèl la pa janm reyaji ak ADN ou. Sa vle di materyèl jenetik ki nan vaksen yo pa kapab gen ankenn konsekans sou ADN ou.

## Pa gen danje pou w pran vaksen an menm si ou gen alèji oswa lòt pwoblèm sante.

Moun ki gen pwoblèm sante tankou dyabèt, opresyon oswa maladi kè, kapab pran vaksen an. Gen anpil moun ki gen pwoblèm sante e ki gen plis risk malad grav ak COVID-19, donk li enpòtan pou yo pran vaksen an.

Sèl rezon ki gen dwa fè pou yon moun pa ka pran yon vaksen kont COVID-19 se si li fè alèji ak yon engredyan ki nan vaksen an oswa si li te fè alèji grav ak yon lòt vaksen oswa medikaman nan piki. Li gen dwa kapab pran vaksen an kanmenm men li dwe pale ak pwofesyonèl medikal li anvan li fè sa.



## Ou dwe pran vaksen an menm si ou te gen COVID-19 e ou gen antikò yo.

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) yo ak lòt espesyalis rekòmande pou w pran vaksen an menm si ou te gen COVID-19 deja poutèt ou kapab trape COVID-19 ankò. Pran vaksen an se yon fason san danje pou ede ranfòse sistèm iminitè ou pou redui chans ou trape COVID-19 ankò. Vaksen yo gen dwa ba ou pi bon pwoteksyon tou kont nouvo varyant pi kontajye viris la, tankou varyant delta a.

## Ou dwe pran vaksen an menm si ou jèn ak an sante.

Gen moun jèn e ki apa sa te an sante ki vin malad anpil epi mouri anba COVID-19. Varyant pi kontajye COVID-19 yo lakòz moun pi jèn ap trape COVID-19 epi ap entènè lopital. COVID-19 kapab lakòz pwoblèm sante ki dire lontan tou, tankou difikilte pou respire, doulè nan misk ak nan jwenti, maltèt ak fatig. Anplis de sa, lè ou pran vaksen an sa ede pwoteje fanmi ou ak zanmi ou poutèt moun ki pran vaksen an gen mwens chans pou yo trape epi simaye viris la.

## Nou poko rive nan iminite kolektif.

Iminite kolektif se lè ase moun genyen pwoteksyon kont yon maladi, sa ki fè maladi an pa gen anpil chans pou li pwopaje. Toujou gen transmisyon COVID-19 nan Vil New York ak lòt kote. Espesyalis yo dakò nou poko rive nan iminite kolektif. Tout moun ki kalifye dwe pran vaksen an pou pwoteje tèt yo ak lòt moun.

## Pa gen danje pou w pran vaksen an si ou vle gen yon tibebe yon jou.

Deklarasyon yo ki lye vaksen kont COVID-19 yo ak pwoblèm fètinite pa gen okenn prèv syantifik ki kore yo. CDC ak lòt espesyalis yo di li san danje pou moun ki gendwa vle genyen yon timoun alavni pran vaksen kont COVID-19. Moun ki ap eseye vini ansent kounye a oswa ki gen lentansyon eseye alavni yo ta dwe pran vaksen an.



## Pa gen prèv ki montre ni vitamin ni renmèd natirèl pwoteje kont COVID-19.

Vaksen yo se pi bon jan pou redui risk trape COVID-19 epi anpeche maladi grav ak lanmò si ou ta trape li. Lòt pwoteksyon ki bay prèv yo mache yo se kachnen, distans fizik, ijyèn men ak prekasyon anviwònmanal, tankou pi bon sikilasyon lè.



## Syantifik yo te kapab devlope vaksen an vit konsa poutèt anpil resous, efò ak kolaborasyon.

Plizyè milya dola te depanse epi plizyè santèn syantifik ki soti toupatou nan monn lan te travay san rete pou devlope vaksen yo. Sa te pèmèt pou tès ak pwodiksyon vaksen yo fèt an menm tan olye de nan faz separe. Syantifik yo te kapab baze tou sou anpil ane rechèch sou lòt vaksen, sa gen ladan rechèch sou vaksen pou lòt kowonaviris yo.

Nou gen chans kapab rete COVID-19 avèk vaksen. Devlopman vaksen pi difisil pou lòt pwoblèm medikal, tankou VIH ak pifò kansè yo. Chak enfeksyon diferan, donk nou pa ka konpare delè devlopman diferan vaksen yo.



## Administrasyon Manje ak Medikaman an (Food and Drug Administration, FDA) te jije vaksen yo san danje.

Yo te devlope vaksen kont COVID-19 yo avèk menm etap ki genyen pou lòt vaksen yo. Yo te kreye yo nan laboratwa epi yo te pase nan etid ki rele eksperimentasyon klinik. FDA, lòt òganizasyon gouvènman ak espesyalis endepandan te siveye ak evalye eksperimentasyon klinik yo de prè. Yo te teste chak vaksen kont COVID-19 sou plizyè dizèn milye volontè diferan sèks, laj, ras ak etnisite. Nan kòmansman FDA te akòde otorizasyon pou itilizasyon dijans (emergency use authorization, EUA) pou vaksen yo lè li te fin jije prèv yo sijere yon fason solid ke avantaj pran vaksen an peze plis nan balans la pase tout risk. Nan mwa out 2021, FDA bay apwobasyon konplè (pèmi) pou vaksen Pfizer-BioNTech la.



## Efè segondè grav vaksen an ra anpil.

Yo bay plizyè santèn milyon dòz vaksen san danje, e efè segondè grav yo ra anpil. Pwofesyonèl medikal yo ak piblik la an jeneral kapab rapòte evènman sante ki rive apre vaksinasyon an bay Sistèm pou Rapòte Efè Negatif Vaksen an (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS). VAERS detekte seri evènman sante, yo rele yo tou siyal sekirite. Si VAERS jwenn yon siyal sekirite, espesyalis yo kapab envestige pou konnen si gen rapò ant evènman sante yo ak yon vaksen. VAERS kenbe tout rapò yo fè yo, kèlkeswa chans ki genyen pou evènman yo gen rapò ak vaksen an. Poutèt sa, se pa ak rapò VAERS yo sèlman yo sèvi pou jije si yon vaksen san danje.



Pou jwenn plis enfòmasyon sou vaksen kont COVID-19 yo, pale ak pwofesyonèl medikal ou, rele 311 oswa ale sou [nyc.gov/covidvaccine](https://nyc.gov/covidvaccine).